



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO REVELE NOUVO PREZANTASYON GRAFIK MONIMAN POU TRAVAYÈ ESANSYÈL YO

Moniman an pral enstale nan Battery Park City; Konstriksyon an ap fini 6 septanm

Pak pou travayè esansyèl yo pral tabli nan Battery Park City

Li fèt pou onore tout travayè esansyèl yo: Sèk Ewo yo; Flam etènèl

Gade reprezantasyon grafik lan [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te revele jodi a prezantasyon grafik Moniman pou Travayè esansyèl yo. Komisyon dirijan sendika yo ki reprezante tout travayè esansyèl yo te chwazi yon kote nan Battery Park City pou enstale moniman an. Konsepsyon Sèk Ewo yo ap reprezante travayè esansyèl yo ki te sèvi kominote yo pandan tout pandemi an, ki tèmman sakrifye pou kenbe konpatiyòt Nouyòkè yo an sekirite epi sipòte yo. Konstriksyon Moniman pou Travayè Esansyèl yo prevwa pou fini nan Fèt Travay la, 6 septanm. Anplis, pou rann omaj ak travayè esansyèl nou yo, Pak Travayè Esansyèl la ap tabli nan Battery Park City.

"Nan kòmansman pandemi an lè yo te di moun yo rete lakay yo, travayè esansyèl yo te ale travay jou apre jou, pou asire ke konpatiyòt Nouyòkè yo te an sekirite, manje, epi te jwenn swen," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan ke nou p ap janm kapab peye travayè esansyèl nou yo, nou ka onore epi selebre yo ak moniman sa k ap kanpe a jamè kòm yon omaj pou tout sa yo te fè pou New York nan moman nou te plis bezwen an ak pi devan. Ewo sa yo kontinye enspire nou chak jou epi nou rekonesan a jamè pou sèvis ak sakrifis yo."

Espas la nan Battery Park City bò dlo, nan chan vizyon estati libète a. Plas sa gen aksè ki fasil pou Nouyòkè ak vizitè yo nan yon pati ki trè frekante nan pak la.

Konsepsyon Sèk Ewo (The Circle of Heroes) a pral konpoze ak 19 pye bwa erab wouj ki senbolize travayè esansyèl yo ki te pote New York pandan pandemi an ki enkli: enfimyè, doktè, travayè swen sante, travayè transpò piblik, ofisyè polis, EMTS ak anbilansye, ponpye, ofisyè koreksyonèl, anplwaye nan magazen, Gad Nasyonal, anplwaye gouvènman, travayè sèvis piblik, travayè sèvis piblik ak kominikasyon, chofè livrezon, travayè sanitasyon, travayè konstriksyon ak fabrikasyon, travayè sèvis alimantè, ak travayè akèy. Moniman an ap prezante tou yon flanm etènèl kòm senbòl gratitud

etènèl Eta New York pou travayè esansyèl yo. Espas la ap reprezante kijan tout Nouyòkè te reyini ansanm pou sipòte youn lòt. Ou ka gade prezantasyon grafik Sèk Ewo a [isit la](#).

Semèn sa, yo te lanse konstriksyon Moniman pou Travayè Esansyèl yo. Konstriksyon an previ pou l fini nan Fèt Travay la, 6 septanm.

Prezidan AFL-CIO Eta New York la, Mario Cilento, te deklare, "Angajman travayè esansyèl yo te montre pou sèvis ak kominote a pandan tout kriz COVID-19 la te plis pase enspiran. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li asire ke devouman yo komemore epi yo sonje yo a jamè nan New York. Moniman sa ap sèvi kòm yon rapèl sakrifis, lanmou pou vwazen nou ak enpòtans travayè esansyèl nou yo."

Prezidan New York State Building & Construction Trades Council (Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon nan Eta New York) ak Prezidan Building & Construction Trades Council of Greater New York, Gary LaBarbera, te deklare, "Pandan pandemi an, travayè esansyèl yo te montre fòs yo ak nan ki pwen yo presye pou kominote nou yo. Mèsi Gouvènè Cuomo, paske ou rekonèt sakrifis travayè nou yo ak yon memoryal nou ka vizite pou jenerasyon k ap vini yo. Espas sa ap yon plas enkwayab pou reyini ak pwòch pou reflechi sou eksperyans san presedan COVID-19 la epi nan ki pwen nou fòmidaab lè nou ini nou."

Nan mwa avril, Gouvènè Cuomo te anonse fòmasyon Komite Konsiltatif Moniman pou Travayè esansyèl yo. Komite a te reyini pou bay konsèy sou plas, konsepsyon ak enstalasyon Moniman pou Travayè Esansyèl yo epi li te konpoze ak moun sa yo:

- Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York
- Gary LaBarbera, ki se Prezidan New York State Building & Construction Trades Council (Konsèy Metye Batiman ak Konstriksyon nan Eta New York) ak Prezidan Building & Construction Trades Council of Greater New York
- Vincent Alvarez, ki se Prezidan, New York City Central Labor Council (Konsèy Santral sou Travay Vil New York)
- Stuart Appelbaum, ki se Prezidan Retail, Wholesale and Department Store Union
- Oren Barzilay, ki se Prezidan Uniformed EMT, Enspektè Paramedics & Fire - FDNY
- Kyle Bragg, Prezidan, 32BJ SEIU
- Sam Fresina, ki se Prezidan, NYS Professional Firefighters Association (Asosyasyon Ponpye Pwofesyonèl NYS)
- Henry Garrido, Direktè Egzekitif, DC 37
- Thomas Gesualdi, ki se Prezidan, Teamster's Joint Council 16
- George Gresham, Prezidan, 1199 SEIU
- Pat Kane, RN, Direktè Egzekitif Asosyasyon Enfimyè Eta New York (New York State Nurses Association)
- Bonnie Litvack, MD, ki se Prezidan Medical Society of the State of New York (Sosyete Medikal nan Eta New York)
- Rich Maroko, ki se Prezidan, Hotel Trades Council (Konsèy Metye Otelri)

- Harry Nespoli, ki se Prezidan Uniformed Sanitationmen's Association
- Andrew Pallotta, ki se Prezidan Pwofesè Ini Eta New York (New York State United Teachers, NYSUT)
- Michael Powers, Prezidan Asosyasyon Benevòl Polis Ofisye Koreksyonèl Eta New York
- Majò Jeneral Raymond F. Shields, Jr., Jeneral Adjwen New York
- James Shillito, Utility Workers of America Local 1-2
- Wayne Spence, ki se President, New York State Public Employees Federation (Federasyon Anplwaye Piblik Eta New York)
- Mary Sullivan, ki se Prezidan, CSEA Local 1000
- Dennis Trainor, ki se Vis-Prezidan, CWA District 1
- Tony Utano, ki se Prezidan TWU Local 100
- Richard Wells, ki se Prezidan Police Conference of New York (Konferans Lapolis New York)

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)